



# KESYON KI POZE PI SOUVAN YO

## DEKRÈ EGZEKITIF KOMIN SEMINOLE: COVID-19 AK ITILIZASYON KACH-NEN/DISTANS SOSYAL

### **KI LÈ YON MASK OSWA KACH-NEN NESESÈ?**

Mask obligatwa nan kote moun rasanble, biznis, ak lòt etablisman ki ouvri pou gran piblik la nan Komin Seminole.

### **KI LÈ YON MOUN DWE RETE 6' DISTANS DE YON LÒT MOUN?**

Lè w nan yon andwa rasanbleman, biznis oswa lòt kote ki ouvè a gran piblik la nan Komin Seminole, nou ankouraje tout moun pou aplike distans sosyal. Moun ki soti nan menm kay pa oblije kenbe sis (6) pye distans ant youn ak lòt.

### **KI MEZI BIZNIS YO DWE PRAN?**

Pwen de kontwòl yo, zòn rasanbleman yo, lè yo nan lin pou yo ap tann, ak lòt zòn kote piblik la gen aksè, dwe kontwole nan yon manyè ki apwopriye pou distans sosyal; se pou yo mete mak distans sosyal atè a oswa lòt teknik similè ki pou ede kliyan ak anplwaye yo kenbe sis (6) pye distans de youn ak lòt.

### **KISA KI OBLIGATWA POU SÈVIS PÈSONÈL OUBYEN BIZNIS KOTE DISTANS SOSYAL PA KA REYALIZE?**

**Anplis de egzijans distans sosyal yo, dekrè ekzekitif Komin Seminole la enkli**, biznis sèvis pèsonèl tankou salon bote ak kwafè, yo tout tonbe anba règleman ke Depatman Biznis ak Règleman Pwofesyonèl Florid, fikse yo. Masaj terapi ak estetisyen dwe konfòme yo avèk konsèy Depatman Sante Florid yo. Si sèvis la pa ka reyisi avèk yon mask, klyan an pa oblije mete yon mask oswa yon kach-nen; men founisè sèvis la oblije mete yon mask. Klyan an oblije mete yon mask oswa yon kach-nen si pa gen sèvis kap fèt.

### **ESKE MOUN KI VIN MANJE NAN RESTORAN YO OBLIGATWA METE YON MASK/KACH-NEN?**

Lè yon moun nan lin pou plase yon kòmman nan yon restoran oswa anvan yo al mete l chita sou tab, moun nan dwe toujou mete maks. Yon fwa l chita epi li konvenableman distanse l sosyalman, kliyan an ka retire mask li pou l ka manje.

### **ESKE ANPLWAYE RESTORAN YO OBLIJE METE MASK/KACH-NEN?**

Komin Seminole òdone tout moun kap travay nan yon biznis enkli restoran pou yo mete mask. Sa aplikab pou moun kap sèvi yo, otès, anplwaye kwizin, ak tout anplwaye oswa kontraktè ki nan biznis lan.



# KESYON KI POZE PI SOUVAN YO

## DEKRÈ EGZEKITIF KOMIN SEMINOLE: COVID-19 AK ITILIZASYON KACH-NEN/DISTANS SOSYAL

### **E SI MWEN DEYÒ?**

Si distans sosyal kapab akonpli nan kenbe omwen sis (6) pye distans ant youn ak lòt nan yon biznis deyò, andwa rasanbleman, oswa plas piblik nan komin Seminole, yon mask pa obligatwa. Si gen anpil moun ki soti nan diferan kay ki rete sis (6) pye distans ant youn lòt, tout moun dwe mete mask.

### **KIYÈS KI DWE KONFÒME AVÈK DEKRÈ SA A?**

Tout moun kap travay, viv, vizite, oswa fè biznis nan Komin Seminole dwe obeyi Dekrè Egzekitif sa a.

### **ÈSKE TIMOUN KI NAN GADRI OBLIJE METE MASK?**

Moun kap travay nan yon biznis, oswa kliyan yon biznis, oswa yon pwofesyonèl kote si yo itilize kach-nen, sa ka anpeche yo fè travay yo oswa sa ka anpeche kliyan an resevwa sèvis nan biznis lan oswa nan men pwofesyonèl la pa oblije mete kach-nen. Sa enkli timoun ki nan gadri.

### **KIYÈS MOUN KI PA OBLIJE METE MASK OSWA KACH-NEN?**

- Moun ki poko gen laj 2 zan;
- Moun si yo mete kach-nen sa ka lakòz defisyans paske yo te deja genyen yon kondisyon sante oswa yon andikap;
- Moun kap travay nan yon biznis oswa yon pwofesyon ki pa nan entèraksyon avèk piblik la epi ki kapab kenbe distans sosyal de kòlèg travay yo;
- Moun kap travay nan yon biznis, oswa kliyan yon biznis, oswa yon pwofesyonèl kote si yo itilize kach-nen, sa ka anpeche yo fè travay yo oswa sa ka anpeche kliyan an resevwa sèvis nan biznis lan oswa nan men pwofesyonèl la;
- Moun kap fè egzèsis, pandan yap kenbe distans sosyal;
- Moun kap manje oswa kap bwè;
- Sekirite piblik, ponpye, ak lòt travayè sekirite sante, paske se ajans respektif yo a ki gouvènè ekipman pwoteksyon pèsònèl yo; ak
- Moun kap kominike avèk yon moun ki gen pwoblèm pou tande epi kote yo dwe wè bouch moun nan pou yo ka kominike avèk li.